

1

- 1.** Imana Mushoboravyose, Nyenimpuhwe n'Urukundo, nihabwe Icubahiro kirengeye vyose. Uno musu irasubiye kutugaragariza izuba ryaka, bene umurango babona, ko Uburundi ari ihanga idasiba guhangaza.
- 2.** Urubanza turiko turamara uno musu, turiko twisunga integuro y'Imana, kuko yoyu ni yoyu yateguye kazoza k'Uburundi, natwe tukaba ibikoresho vyayo. Kukaba nka ko, mu nteguo yacu rwobaye mu mpera za Myandagaro. Imana imaze kurengukisha

2

Nyenicubahiro Nkurunziza Petero, integuro zacu nk'abana b'abantu zacye zisunga ishaka ry'Imana.

MUNKUNDIRE TUVE HASI, TUMARE UMWANYA MU GACERERE TWIBUKA IMBONEZA YACU YARAYE ISHENGEYE. **Murakoze.**

3. Uno musi rero twakoraniye muri ino ngoro ngo dutanguze icese ibikorwa vya **Reta nkozi, Reta Mvyeyi**. Tuboneyeho kubanza gukeza bimwe vy'imvamutima abagenywe muri iyi Reta, duhereye ku Cegera c'Umukuru w'Igihugu, Umushikiranganji wa mbere, n'Abashikiranganji bose bahejeje kurahira.

4. Turakeje kandi n'abahora bagize Reta y'Uburundi kuri iyi ntambwe badushikanyeko, kuko iyo badakora ntitwaronka aho duhera isemo nshasha. Mboneyeho no kubaremesha ko batagayiwe kugira ntibabandanye; ahubwo ko ari iyindi ntambwe nshasha twinjijemwo, ari co gituma mubona amaraso ari mashasha. Erega n'inkona ni yo migenzo yayo. Kugira igume ivuguta neza, iriyubura; ikazana amababa mashasha n'umunwa mushasha.

Banyakwubahwa mugenwe mu mabanga,

5. Igihe twahoramwo cari ico kwitunganya neza, none tugira tuvumbuke. Abari bicaye, ubu ni igihe co kuva hasi. Ntihagire uwigira umukambwe mu mabanga y'igihugu, kuko twese dutanguye intambwe nshasha. Abenegihugu babarindiranye igishika, bobo bamaze imisi bitunganije ku bikorwa, ubu bari barindiriye intwazangabo ziza kubaremeshereza urugamba rwo

5

kugwanya ubukene. Kirazira rero ko baba ingabo zitagira umutware kuko bohava baba impehe nsa.

6. Abatuboneye izuba ni bo bayamaze ngo «**Inkware zisezerana mu masesa**». Dushaka umwe wese ave muri kino kibanza azirikanye neza amabanga amurindiriye, gutyo ayabangire ingata. Ico abagize Reta bokwitwararika imbere ya vyose, ni uko naho umugambwe twaserukiye ari wo watahukanye intsinzi, hatsinze Abarundi bose kuko hatoye Abarundi, ntihatoye imigambwe.

6

7. Jewe natorewe kuba Sebarundi. Nzokorera Abarundi kurya umusuku akorera shebuja, kandi n'abanyamahanga baba mu Burundi nibahumure sinzobibagira.

Abagize Reta rero, muzirikane ko umutwaro tuwusangiye. Muzotunganirize bese, abadutoye n'abatadutoye. Mumenye namwe ko mutaje gukorera imigambwe, ubwoko, intara canke amadini mukomokamwo, muje nyabuna gukorera Abarundi.

8. Ku kaba nka ko, ntitwabagomwe kubera iyo mukomoka, twabashimye kubera ubuhizi, ubwo na bwo ntibwegukira imigambwe, ubwoko, intara canke amadini. Vyongeye, ibisata mujejwe bikenewe n'Abarundi bose, mbere n'abanyamahanga mu butandukane bwabo.

Murababera abavyeyi, mu batunganirize ataco mu basavye, kuko ni bo mukeshya impembo n'ingero.

9. Duhiriwe duhishije, ntituje kumena umushike, tuje kubandanya ikivi catanguwe n'abatwitangiye imbere, kandi tuje guheka

abisimbiza, kuko Abarundi ni abakozi iyo baronse uwubakoresha. Uno musu ihiganwa riratanguye. Abashikiranganji mutanguye munganya amanota, ariko ejo umwe wese azoba afise amanota yiwe. Nimukenyere zigume,urugamba rushasha ruratanguye, mwerekane ko mwatowe mu bandi benshi mubikwiye.

10. Mumenye ko mwinjiye mu mageragezwa, kuko Abarundi barafashe nka nkama imigambi nabemereye, kandi dutegerezwa kuyishitsa. Turi kumwe twese, n’Imana, birashoboka. Mumenye ko kandi hariho abandi munganya ubuhizi barindiriye kubasubirira nimwahuba, kuko murazi ko icyanyoshe Uburundi ari

amatati yo gupfa ivyicarwo. Nimwicara rero mumenye ko hariho abahagurutse, batanguye igikorwa co kubasuzuma.

11. Murame mwibuka kwiyegeeranya no kwikwiza mu mvugo no mu ngiro. Murigenga mu vyo Igihugu kibajeje, yamara «**Ukwigenga ntikubuza ukwigengesera**». Ariko ndabaremesheje, ntimugire ubwoba, gumya umutima mumenye gusa ico abenegihugu bakeneye, mugikore hanyuma aho kubanegura babahayagize.

12. Abarundi twinjiye mu gihe co gufungura dukoze. Twinjiye mu gihe co gukora akazi, umwe wese akore ico ashoboye, igikuru ni uko aronka umwimbu. Nitwaba kare twaronka ivyimeza, amana kumwe kw'abanyisirayeri, tumenye ko tujabutse Uruzi Yorodani aho batasubiriye kugaburirwa amana.

13. Duhiriwe duhishije, dusukiwe mu coze, dutanguranye n'umwaka w'ibikorwa mu Burundi, kuko amahera azokora mu mwaka ntawari bwakureko n'imeya. Umwaka utangura igenekerezo rya mbere Mukakaro.

14. Twiripfuzaza ko **twohimbaza imisi mikuru irangiza umwaka w'2020 n'iyitangura umwaka w'2021**, Abarundi babona ko hari icahindutse mu bisata vyose bigize ubuzima bw'Igihugu. Ivyo kugira bishoboke ntimurindire imisi 5 canke 10 imbere yo gutangura.

Ni mwihe ihangiro ryo guhindura ibintu uko bukeye, uko bwije, kandi ibintu nkoramutima ku muntu wese aba mu Burundi, ndetse n'abari mu makungu.

Banyakwubahwa mwese, Batumire bahire, Barundi, Barundikazi, Bakunzi b'Uburundi;

- 15.** Uburundi bwinjiye mu ntambwe nshasha y'ibikorwa. Mwibuke ko mwantumye ico ndabakorera ariko ntimwatumye ishusho y'abantu. Ndazi ko hari abavuga ngo «Urya ni we atuzaniye?»
Kuko bipfuzaga na bo kuhaja!
Nabazaniye abava mu ntara zitandukanye, ubwoko bwose, ubuhinga bwose, ndetse n'abava mu migambwe itandukanye, n'amashirahamwe aharanira iterambere ry'abenegihugu.

16. Aba mubona, ni bo nabonye twokorana neza kuri gwa rugamba twumvikana. Ntimubangayire rero mutarabibonera ku bikorwa ngo mubiyumvire ivyo bagona. Murakurikira ya mpanuro ya Rwagasore ngo: **«Muzoturabira ku vyo dukora, nimwanezerwa bizoduhimbara».**

17. Imana yaraduhaye vyinshi ntitwabimenya ngo tubihingure, ahandi hoho ntituba turira ngo ubukene, ubukene. Hari ikintu cambabaje mu buzima, ni ukugira isi itunze, ukagira urwaruka

rutakerebukiye ibikorwa n'abatama badashobora gucira umugani ibibondo bavuga bati nkiritera nkarisama.

18. Ni co gituma, tumaze kubona itunga Imana yaduhaye ari yo si, tugiye kuyigira umutahe mw'iterambere. Dukeneye rero urwaruka rukerebukiye ibikorwa n'abatama bafise akaneza ku mutima kugira ngo turonke aho tuvoma umugani.

Erega boramba, bopfuma batubwira ico banegura kahise kabo natwe urunganwe rw'ubu tukakizibukira.

19. Hari ibikorwa 6 vyihuta twashaka gusaba ko vyoca vyihwabirwa kuva tuvuye muri iyi Ngoro. Ivyo navyo vyerekeye **Intwaro ibereye, Amagara y’abantu, Uburimyi n’Ubworozi, Urwaruka, kubungabunga abakukuruke bakoreye igihugu,** hamwe no **gutorera umuti ikibazo c’abateshejwe izabo mu gihe c’amagume.**

Ubwa mbere: Intwaro ibereye:

- Ikintu nabonye Abarundi nka bose bashinze ijisho, ni inyonyezwa n’isesagurwa ry’itunga rusangi hamwe n’igiturire,

impande y'akarenganyo kava kw'itangwa ry'igiturire, kuko akarenganyo gahagaze ku bwoko mbona karagwanijwe bikwiye. Inyonyezwa n'isesagurwa ry'ubutunzi bw'igihugu, gutanga, kwaka no kurya ibiturire bitegerezwa kuba umuziro. Ico gikorwa ni jewe ndakijejwe imbere y'abandi bose, nsavye Abarundi kumfasha.

- Dufashaniye na mwebwe benegihugu, tuzibire ibihengeri vyose n'iminyuro n'ibinywabi inyuramwo canke inyururizwamwo

itunga rusangi. Amahera yose yinjira mu kigege ca Reta n'akore mw'iterambere ry'abenegihugu. Erega niho mwese muzogira ingoga zo gutanga amatagisi n'amakori, kuko muzoba mubona akamaro kayo. Ni co gituma nsavye Abarundi twese tuje kuri urwo rugamba ata numwe avuyemwo. **TURI KUMWE TWESE BIRASHOBOKA.**

- Kubera twabonye ko abatari bake batinya kudomako urutoke indongozi zihemukira abenegihugu, ubu bwa vuba

tugiye gushira ku migwa mikuru y'amakomine, agasandugu bazoshiramwo ivyipfuzo n'ibirego mw'ibanga, kazohora kugurugwa n'intumwa yanje gusa. Nsavye ko uwuzobona ikitagenda neza yokitumenyesha, hanyuma tuze tukigireko itohoza, kugira ntihagire abazobesha kugira bahubishe inzego.

- Ibisata vyimonogoje mu kurya ibiturire no kunyonyeza itunga rusangi biramaze kumenyekana, hasigaye ko umushibuka

ushingwa mu minyuro bacamwo kandi si kera, ndizeye ko ababikora batari impongo kuko ni yo ipfa yaburiwe.

- Ico kibazo ni jewe ubwanje ngira ndagihagurukire, nkaba nsavye ko kuva mu makomine gushika muri Reta, mwese mumfasha.

- Ikindi twipfuza, ni uko ata wosubira guhembwa aterekanye ico yakoze. Erega igituma umukozi ahembwa ukwezi guheze ni

uko ahembwa mu mwimbu yimbuye. Kuva ubu umukozi wese ahembwa na Reta ategerezwa kwerekana neza ico yakoze n'umwimbu yakuyemwo, ari ingumba mu vyo akora na ho, hariho abanyamugisha bazoheza bakaza kumukorera, nawe ari mu bandi benegihugu.

- Aha muca mwumva ko abishinga kuganirira ku ma terefone, canke bamwe batoroka ibiro bagiye gufatirwa ingingo.

Kuva ubu, nitwaba dushaka gutera imbere, ni **twige gukora ibikorwa aho gukora amasaha.**

- Tugira kandi duhagurukire igisata c'ubutungane duhereye ku muzi nk'uko nabisezeranye. Mu bushikiranganji bujejwe ubutungane, haje umuhinga yabimenyereye, azi aho akarenganyo mu butungane gaturuka, kuko yahora ari umushingwamanza. Nizeye ko mumweretse aho akarenganyo kava azohazibira.

Ubwa kabiri: Amagara y'abantu:

**«Uwufise ikigeka c'amagara ntabura ikigega c'amasaka»,
nayo «Amagara aruta amajana, ni amazi aseseka
ntibayore».**

Tugira duhere ejo. Jewe ndemeje ko ikiza-karanda ca korona ari umwansi rutura w'Abarundi, kuko ndabona ko bose imitima iri mu mutwe kubera ico kiza. Turiyemeje rero kugwana n'uwo mwansi.

Ubu nyene turatanguje isekeza ryo kurandurana n'imizi ico kiza mu Burundi; ico twise «**Ndakira, sinandura kandi sinanduza**». Turasavye rero Umurundi wese canke umunyamahanga wese ari mu Burundi guhaguruka kuko, «**Akatavuga ntigahenda akavuga**».

Ubwa mbere kugwanya ko ico kiza kiguma candukira abantu:

- Umwe wese afate ingingo imwerekeye abona ko yotuma atandura canke ngo yandukize abandi.

Bisaba umwitwarariko w'umwanya ku mwanya. Ntawuguhimiriza, ihimirize wewe nyene; ukurikize amategeko yose ubushikiranganji bw'amagara y'abantu bugira bumanike mu bibanza vyose bihuriramwo abantu, mbere no muhira iwawe ushake uyamanike kugira ngo abahaba ntibibagire.

25

- Ku vyerekeye Reta, kugira dukomeze isuku, igiciro c'isabuni kigiye kumanuka ku bice mirongo 50%, kugira umwenegihugu yoroherwe mu kuyironka.
- Abazikora ntibagire ubwoba kuko ico kindi gice ni Reta izokiriha. Ariko rero, uwuzofatwa ashoye hanze isabuni yaguze mu Burundi ku giciro gitoyi, azofatwa nk'uko ariko akingira ikibaba Korona, hanyuma afatirwe ingingo ruhasha.

26

- Mu bisagara vy'imigwa mikuru y'intara, Reta igiye kugabanya igiciro c'amazi gushika tubonye ko ico kiza kitacibonekeza mu gihugu.

- Muri iyo ntumbero nyene, ubushikiranganji bw'amagara y'abantu bugiye gushwara ahantu hose hibonekeje ico kiza, kugira bapime abenegihugu bose ata n'umwe avuyemwo kugira abagwaye bigizwe inyuma bataranduza abandi kandi bafashwe batarasinzikara.

- Dusavye umuntu wese yiyumviseko ibimenyetso vy'iyongwara kwihutira kwipimisha kugira atabarwe. Ivyo tubivuze kuko twabonye ko hari abatinya kwipimisha kandi bapimwa bakongera bakavurwa ku buntu.

Uwuzokwanka kuja kwipimisha na we, bizoba bisigura ko ariko yifatanya n'ico kiza mu kwanduza abantu. Murumva ko ataho azoba ataniye n'umurozi.

- Mu ntara zose z'Uburundi, hagiye gushingwa umugwi wo gupima umugera wa korona, duce dukora isekeza ryo gupima abanyagihugu bose aho hose twiketse ko umugera woba wahinjiye.
- Nkako, umwansi umuhiga aho yinyegeje n'aho yiketswe hose. Twahora tuzi ko inyabune ari iyo gucungera umutekano, mumenye ko na Korona ari umwansi ariko araduhungabanya.

- Abajejwe amagara y'abantu, abajejwe intwaro, indongozi mu madini n'amashengero, ibimenyeshamakuru, tubasavye guhimiriza bivuye inyuma, kugira ingingo zafashwe n'Ubushikiranganji bw'amagara y'abantu zubahirizwe. Twese tuzirikane ko Korona ari ikiza karanda candukira cane kandi cica mu gihe umuntu yiyanzanjweko canke akagifata minenerwe. Tugire rero urunani rwo kugwanya ikiza-karanda Korona.

- **TURI KUMWE TWESE BIRASHOBOKA.**

Ubwa gatatu: Uburimyi n'Ubworozi:

- Dufise ihangiro ry'uko umunwa wose uronka ivyo ufungura, umufuko wose na wo ukaronka amafaranga. Inzira irashe yo gushitsa iryo hangiro si iyindi, ni ugukura amaboko mu mpuzu. Nkako, «**Uwutarima ntamira**, kandi «**uwushaka umubira abira akuya**».
- Tugiye gusanga abakozi ku kivi, tubigishe ubuhinga bwo kurima no kworora. Abarundi benshi bamenyereye kurima no kwimbura kabiri mu mwaka, tugiye kubigisha ubuhinga bwo

kuvomera no kwimbura gatatu n'akarenga mu mwaka. Kandi dutanguye ubu nyene mw'irima ry'umwonga n'uturima two muhira.

- Duhamagariye Umurundi wese kugira uruhara mw'iterambere, mu kugwiza umwimbu, twijukire amashirahamwe n'amakoperative, maze turonke umwimbu n'umusesekara; mu ngo z'Abarundi hasubire kuboneka ibitiba n'ibigega nka kera.

- Ubunebwe tubugire umuziro, na kare ngo: «**Imburakimazi ntininahazwa**», kandi ngo: «**Uwuhana inzara arayirimira**».
- Ubwa mbere, mu ntumbero yo gutera intege abarimyi, muri iri ci twiyemeje ko aho tuzosanga abenegihugu bagiye hamwe mu kibiri (Koperative), mu kurima mu mwonga, ko tuzoca tubaronsa intabire n'imbutu zirobanuye bakeneye ku buntu.

- Ubwa kabiri, muri ako gatasi twimirije, dushaka ko amatongo yose ya Reta arimwa ; mbere habe imirima n'amayororero y'iratiro mu ntara zose.

Abajejwe Uburimyi n'Ubworozi mu ntara, basabwe kuva mu biro, basange abenegihugu kukivi, na bo babe akarorero mu burimyi n'ubworozi.

- Uwo bizonanira na we, azoba yerekanye ko ataco yahora amariye abenegihugu, yari kaje kurya gusa. Uwo na we ntakindi kizoba gisigaye atari ukuja kwigishwa.

Ubwa kane : Ibiraba urwaruka

Mu ngingo zihuta Reta igiye gufata, urwaruka ntirusigara inyuma, kanatsinda ni rwo rufise ingoga nyishi zo kuvuduka kugira dushikire iterambere bidatevye.

Jewe rero niyemeje kubashingūra mu kubafasha gukura ikirenge hasi, cane cane bamwe bafise impapuro z'umutsindo ariko batararonka ico bakora. Abo nibo cane cane nshaka ko bazoba

intwazangabo zirongora abandi mu rugamba rwo kugwanya ubukene ku rwego rw'intango.

Ni bo twipfuzaga ko bazorongora mu bikorwa abataronse amahirwe yo kuja kw'ishure. Muri icyo ntumbero Reta ije, ije izanye umutahe, namwe muzane amaboko dukore.

Aho bukera tugira dushyire mu makomine yose agize Uburundi, tuje kwegeranya urwo rwaruka mu kibiri, batwereke imigambi bafise, bashakaga gukora. Reta yiyemeje guca ibaha uburyo bukwiye bwo gukora uwo mugambi, ndetse itore n'abahinga

muri bo bo, bazobakoreha bahembwa na Reta nyene kugira ntibahombe.

Ivyo tubigize uko, kuko twasanze ko ico cose wokorera umwenegihugu mutari kumwe ataco kimara, kuko ntawukibungabunga. Aho tuzosanga batoye kworora tuzobafasha kworora, aho tuzosanga batoye uwundi mugambi, tuzowubafasha. Dusavye rero ko ubu nyene, urwo rwaruka twosanga rutonze dushikire gutunganya ikivi gusa.

Ubwa gatanu: Kubungabunga abakukuruke:

Nk'uko nabibemereye, dutegerezwa gusesekariza akaneza ku mutima abatama n'abatamakazi. Ni co kizotuma batubwira aho bahuvye muri kahise, kugira ngo natwe ntituhagwe.

Muri iyo ntumbero, kuva kw'igenekerezo rya mbere Mukakaro umwaka w'2020, ni ukuvuga hirya ejo aho bukera, Reta izotangura kurihira abakukuruke b'abanywanyi b'ishirahamwe rijejwe kuvuza abakozi ba Reta vya bice 20% bahora bariha kugira ngo bace bavurwa ku buntu.

Ubushikiranganji bubijejwe, bugiye kandi gutangura guharura amahera umukozi wa Reta yiziganiriza muri vya bigega bibijejwe, kugira dushobore gutunganiriza abazokukuruka mu bihe biri imbere, ntibasubire gutaha basamira isazi ku menyo kandi bari barihaye.

Ubwa gatandatu: Gutsimbataza amahoro no gusubiza hamwe

Mu maguru masha, tugiye kuganira n'abateshejwe izabo igihe twari mu magume, twige ingene na bo bobaho nk'abandi benegihugu.

Dutegerezwa gutora inyishu ibereye ibakura ku ceyi co kwitwa uwateshejwe urwiwe kandi turi mu mahoro.

Iyi semo nshasha dutanguye mu kivi co kwubaka Igihugu cacu, twipfuzza kuyitangurana n'Abarundi bose, ata n'umwe avuyemwo, kuko ntawe dushaka gukebera ikivi.

Ni co gituma dushimira Abarundi bahungiyeye hanze baguma bigarukira mu gihugu cabibarutse; tukongera tugatera intege n'abagitinya gutahuka.

Turazi ko hari abatinya gutaha kubera ubwoba bw'ivyo bagiye bakoze canke kubera bari bacuditse n'abakoreye amarorerwa Abarundi. Yamara n'abo twipfuzza ko bataha kuko «**Igito gitabwa iwabo**».

Turabahaye ikaze bose mu gihugu cabo, na kare «**Umwana arabisha mu ngovyi umuvyeyi akayimuhemwo**», ariko iyo abikoze akuze, babanza kumwihaniza kugira ngo ntazosubire.

Ba nyakwubahwa mwese, Barundi, Barundikazi;

20. Mu gusozera, twashaka kwibutsa aba bashikiranganji ko atari abageni barindira umugirwa wo gushinga amashiga no guhabwa inkono.

Bashikiranganji,

21. Musohotse iyi ngoro, muce muja ku kivi. Ba nyokobukwe ari bo benegihugu babarindiranye igishika. Mwibuke ko ikivi ari ica kare, kandi ko ubuja gusha butagata; ntimuze mwibuke kwifuka bukeye, canke gutora ingegene imisure yagurutse!

- 22.** Imisi yose, mwibuke gukubitiza akajisho ku Mugambi w'Igihugu ujejwe iterambere, no ku migambi twashikirije Abarundi, umwe wese ku bimwerekeye. Noneho tuzoba turi kumwe ku rugamba, ntawe tuzotana ikivi. Ntimugire ubwoba rero, murapfa kungamburukira gusa, mwongere mukore ico abenegihugu bashaka.
- 23.** Dusavye Abarundi bose gushigikira iyi Reta nshasha. Nk'uko nabivuze, si Reta ije gukora nk'izindi zatanguye, ni reta ije yitwa Reta nkozi, Reta Mvyeyi. Ni Reta ije ifise ishaka ryo kubaja imbere ibabere urumuri rutazimiza, mu kuremesha ibikorwa vy'iterambere.

24. Tuje hamwe tugire urunani rw'intamenwa, twame tuja inama ku vyokiza Uburundi n'Abarundi; **tuyaga dukora, dukora tuyaga.** Turi kumwe n'Imana izodushoboza; **Dusenga dukora, dukora dusenga.** Si ivyo mucigishwa, **Turi kumwe twese, twarabonye ko vyose bishoboka!**

Imana yazigamye Uburundi,

Ni ihezagire Uburundi n'Indongozi zabwo!

Ni ibahezagire mwese!

44

Murakoze!